

# Jwenn asirans pou pwopriyete ka yon bagay difisil. FMAP rann sa pi fasil!



## Plan Asistans Mache Floria (Florida Market Assistance Plan, FMAP)

FMAP an se yon sèvis referans an liy gratis e itil ke Lejislasyon Florida otorize pou konekte moun k ap chache asirans pou pwopriyete ansanm ak ajan epi asirè lisansye ki ofri kouvèti asirans nan Floria.

Si w ap chache kouvèti pou premye kay ou, pwochen kay ou oswa si ou senpman vle fè konparezon pri – FMAP ap ede ou jwenn asirans ou!

---

### Enskripsyon an se bagay senp tankou 1-2-3:

- 1 Founi detay pwopriyete ou a ak enfòmasyon kontak ou.
- 2 Soumèt demann pri pou pwopriyete ou a.
- 3 Ajan yo pral kontakte ou pou diskite sou opsyon asirans ki genyen nan zòn ou a.

Kòmanse jodi a sou:  
[www.fmap.org](http://www.fmap.org)



# Kòmanse

Achte yon asirans ak jwenn yon ajan se bagay fasil. Pwofite de sèvis gratis ak fasil FMAP jodi a!

**Pou enskri nan FMAP la, w ap bezwen kèk enfòmasyon de baz konsènan pwopriyete ou a. Ou ka jwenn plis enfòmasyon nan resous sila yo:**

- Kontra asirans pwopriyete aktyèl oswa anvan an
- Evalasyon pri pwopriyete a
- Paj entènèt evalyatè pri pwopriyete lokal

**Enfòmasyon w ap bezwen pou demann pri pwopriyete pou FMAP:**

- Ane konstriksyon pwopriyete a
- Tip konstriksyon
- Kantite pye kare
- Dat dènye amelyorasyon nan:
  - Twati
  - Sistèm elektrisite
  - Sistèm HVAC
- Si li lokalize nan mwens ke 1,000 pye de yon dispozitif pou etèn dife
- Kantite plent pou asirans pwopriyete ou te prezante pandan twa dènye ane yo

Apre ou fin soumèt demann ou a, w ap resevwa yon imel konfirmasyon ansanm ak yon lyen ki mennen nan demann ou a. Lè ou itilize lyen an, w ap ka konsilte detay pwopriyete a, verifye nan ki eta demann ou a ye oswa fè kèk mizajou.

**Kòmanse jodi a sou:**  
[www.fmap.org](http://www.fmap.org)

